



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023

Impenne Larasati

Impian Larasati



Penulis : Margareth Widhy Pratiwi
Illustrator : Septama





Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023

Impene Larasati

Impian Larasati

Penulis : Margareth Widhy Pratiwi
Ilustrator : Septama
Penerjemah: Margareth Widhy Pratiwi

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

**IMPENE LARASATI
(IMPIAN LARASATI)**

Penulis : Margareth Widhy Pratiwi

Ilustrator : Septama

Penerjemah : Margareth Widhy Pratiwi

Penyunting : Tarti Khusnul Khotimah

Penata letak: Septama

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-474-6 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Segoe UI.
ii, 36 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi



Atine Larasati bungah. Dheweke sida budhal menyang Yogyakarta, ing daleme Eyang Ragil. Larasati biyasa ngentekake prei semesteran. Eyang Ragil iku sawijining empu tari. Tegese, piyayi kang wasis ing babagan olah seni tari.

Larasati, bocah wadon umur sepuluh taun iku mapan ing Jakarta. Dheweke wis kangen banget marang eyange. Dheweke uga kangen marang Mbak Wulan, yaiku mbakyune naksanak kang mapan karo eyange. Larasati budhal menyang Jogja numpak sepur.

Eyang Ragil biyen ngasta dadi guru ing sawijining sekolah dhasar. Saliyane iku uga mulang tari ing daleme. Daleme Eyang Ragil cakrik joglo kang ana pendhapa jembar kanggo gladhen tari. Sawuse pensiun, Eyang Ragil banjur ngedegake sanggar tari.

Larasati merasa gembira. Ia jadi berangkat ke Yogyakarta, tempat tinggal Eyang Ragil. Larasati biasa menghabiskan liburan semesteran di sana. Eyang Ragil adalah seorang empu tari. Artinya, beliau ahli dalam bidang seni tari.

Larasati, anak perempuan berusia sepuluh tahun itu tinggal di Jakarta. Ia sudah sangat rindu kepada neneknya. Ia juga rindu kepada Mbak Wulan, kakak sepupu yang tinggal bersama neneknya. Larasati akan berangkat ke Yogya naik kereta api.

Dulu, Eyang Ragil bekerja sebagai guru di salah satu sekolah dasar. Ia juga mengajar tari di rumahnya. Rumah Eyang Ragil berbentuk joglo dengan pendapa luas yang digunakan sebagai tempat berlatih tari. Setelah pensiun, Eyang Ragil mendirikan sanggar tari.



Sanggar tari mau dijenengi Sanggar Tari Sasmitaputri. Wiwitane sanggar iku mung nampa siswa putri. Eyang Ragil dhewe nalika isih enom sawijining penari kraton. Kepara anggone ketemu karo Eyang Kakung kang asma Mangkusasmita uga ana ing Kraton. Eyang Mangkusasmita sawijining abdi dalem Kraton Ngayogyakarta.

“Ara ...!” keprungu swarane ibune Larasati nimbali.

Ara mono undang-undangane Larasati. “Dalem, Buk,” Larasati semaur saka kamare. Bocah wadon iku lagi nata klambi ing kopere. Dheweke bakal rada sauntara anggone dolan ngisi prei neng Jogja. Mula, anggone nggawa salin rada akeh.

Eyang Ragil menamai sanggar tari itu Sanggar Tari Sasmitaputri.

Awalnya sanggar itu hanya menerima siswa perempuan. Eyang Ragil adalah seorang penari istana di masa mudanya. Bahkan Eyang Ragil bertemu dengan Eyang Kakung yang bernama Mangkusasmita juga di istana. Eyang Mangkusasmita adalah seorang abdi dalem Keraton Ngayogyakarta.

“Ara!” terdengar suara ibu Larasati memanggil.

Ara adalah nama panggilan Larasati. “Ya, Bu,” Larasati menjawab dari kamarnya. Anak perempuan itu sedang menata baju di koper. Ia akan berlibur di Yogya cukup lama. Oleh karena itu, ia membawa baju cukup banyak.



SANGGAR TARI
Sasmitraputri

Wingi Larasati wus kangsenan karo Mbak Wulan arep latihan nari.

Mbak Wulan iku putrane Pakdhe Raditya. Dheweke sekolah ing SMKI, Sekolah Menengah Karawitan Indonesia, jurusan tari. Putra-putrane Eyang Ragil kabeh uga bisa nari, kalebu ibune Larasati. Mung wae sawuse mlencar nyambut gawe, padha mandheg ora nerusake kabisane iku.

“Aja lali nggawa sampure, Ra,” ngendikane ibune Larasati.

“Lha, nggih mesthi mboten kesupen, ta, Bu,” Larasati mesem karo nuduhake lempitan sampur werna ijo pupus.

Kemarin ia sudah membuat janji dengan Mbak Wulan untuk berlatih menari.

Mbak Wulan adalah anak Pakde Raditya. Mbak Wulan sekolah di SMKI, Sekolah Menengah Karawitan Indonesia, jurusan tari. Semua anak Eyang Ragil pandai menari, termasuk ibu Larasati. Hanya saja, setelah bekerja, mereka tidak lagi menari.

“Jangan lupa membawa sampur, Ra,” kata ibu Larasati.

“Jelas tidak akan terlupakan, Ibu,” Larasati tersenyum sambil menunjukkan sampur berwarna hijau muda yang sudah terlipat rapi.

Ibune Larasati mongkog ngerti anake wadon seneng nari. Ateges, Larasati bisa nerusake kabisan nari kang diduweni kulawargane.

Senadyan mapan ing Jakarta, Larasati tetep gladhen bareng ibune. Kadhang kala Larasati lan ibune nonton *video* kiriman Eyang Ragil lan Mbak Wulan. Yen prei, Larasati menyang Jogja, latihan nari bareng siswane Eyang Ragil.

“Yen Ara kepengin dadi penari, ya, kudu tlaten latihan,” ngono ngendikane ibune Larasati.

Larasati nuhoni ngendikane ibune. Dheweke pancen kepengin dadi penari kaya Mbak Wulan.

Ibu Larasati bangga mengetahui anaknya suka menari. Artinya, Larasati dapat melanjutkan keterampilan menari yang dimiliki keluarganya.

Meski tinggal di Jakarta, Larasati tetap berlatih bersama ibunya. Kadang kala mereka menonton video yang dikirimkan oleh Eyang Ragil dan Mbak Wulan. Saat liburan, Larasati ke Yogya, berlatih menari bersama murid-murid Eyang Ragil.

“Kalau Ara ingin menjadi penari, ya, harus tekun berlatih,” begitu kata ibu Larasati.

Larasati menaati perkataan ibunya. Ia memang ingin menjadi penari seperti Mbak Wulan.

Wusana anggone tata-tata sandhangan rampung. Oleh-oleh kanggo Eyang Ragil, Pakdhe lan Budhe Raditya wus dicepakake. Semana uga jenang dodol garut kang disenengi mbakyune sepupu.

“Ora ana sing keru, ta?” Pak Iskandar nyedhaki sing lagi tata-tata.

Pak Iskandar iku bapakne Larasati. Piyambake sawijining dokter kang ngasta ing Rumah Sakit Cipto Mangunkusuma. Bapak ibune Larasati tansah nyengkuyung marang kasenenengane anake wadon. Larasati nggilut seni tari, kabudayan adiluhung warisan leluhure.

“Mboten, Pak. Beres sedaya ...,” Larasati semaur kanthi epek-epek tangan ditemplekake pilingan.

Akhirnya, pekerjaan menata baju selesai. Oleh-oleh untuk Eyang Ragil dan Pakdhe Raditya sudah dipersiapkan. Begitu pula dodol garut yang sangat disukai kakak sepupunya.

“Tak ada yang ketinggalan, kan?” Pak Iskandar bertanya sambil mendekati anaknya.

Pak Iskandar adalah ayah Larasati. Ia seorang dokter yang bekerja di Rumah Sakit Cipto Mangunkusuma. Kedua orang tua Larasati sangat mendukung kegemaran anak perempuannya itu. Larasati menekuni seni tari, seni budaya luhur warisan nenek moyangnya.

“Tidak ada, Pak. Beres semua ...,” Larasati menjawab sambil menaruh telapak tangan di keningnya.



Pak Iskandar ngacungake jempole, banjur metu ngusung koper. Larasati sakulawarga budhal numpak *taxi online* menyang Stasiun Senen. Sepur budhal jam enem kliwat rong puluh menit.

Pak Iskandar lan Bu Iskandar mung arep nginep sewengi. Piyambake ora bisa suwe ing daleme Eyang Ragil amarga kudu bali dhines. Para pasiene ing rumah sakit ora bisa ditinggal ngono wae.

Dene Larasati ditinggal ing Jogja nganti preine entek. Dheweke nggunakake wektu preine kanggo nambah kaprigelan anggone nari.

“Ing daleme Eyang mboten pareng aleman, lho!” ngendikane Pak Iskandar karo mesem.

“Siaaap, Bos ...!” wangsulane Larasati mantep.

Pak Iskandar mengacungkan jempol, lalu keluar mengangkat koper. Larasati sekeluarga berangkat ke Stasiun Senen naik taksi *online*. Kereta api berangkat pukul enam lebih dua puluh menit.

Di tempat Eyang Ragil, Pak Iskandar dan Bu Iskandar hanya akan menginap semalam. Pak Iskandar dan istrinya tidak bisa tinggal lama. Mereka harus kembali bekerja. Para pasien di rumah sakit harus mendapat pelayanannya.

Sementara Larasati akan tinggal di Yogyakarta selama liburan sekolah. Ia berlibur sambil melatih keterampilan menari.

“Di rumah Eyang, Larasati tidak boleh manja, lo!” kata ayahnya bercanda.

“Siaaap, Bos ...!” jawab Larasati mantap.

Sepur wus budhal menyang Kutha Ngayogyakarta. Papan kang dituju Kampung Kadipaten, yaiku kampung papan dununge Eyang Ragil.

Kampung Kadipaten dumunung ing njeron beteng Kraton Ngayogyakarta. Daleme Eyang Ragil penere sakulon Universitas Widya Mataram. Kampung mau kahanane tansah rame regeng amerga akeh kos-kosan mahasiswa. Pakdhe Raditya ngasta dadi dhosen ing pamulangan iku. Mula, piyambake, ya, kepeneran bisa nunggoni dalem tabon.

Ing njeron sepur, Larasati bisa turu. Dheweke ngimpi warna-warna. Larasati dadi penari kang ditonton wong akeh, dikeploki, lan disuraki rame banget.

Kereta api berangkat ke Kota Yogyakarta tepat waktu. Di Kota Yogyakarta mereka akan menuju Kampung Kadipaten, tempat Eyang Ragil.


Kampung Kadipaten berada di lingkungan njeron beteng Keraton Ngayogyakarta. Rumah Eyang Ragil berada di sebelah barat Universitas Widya Mataram.

Kampung itu selalu ramai karena banyak kos-kosan mahasiswa. Pakde Raditya bekerja sebagai dosen di kampus itu. Oleh karena itu, ia merasa sangat beruntung bisa tinggal di rumah induk.

Di dalam kereta api, Larasati tertidur. Ia bermimpi aneka macam. Larasati menjadi penari yang ditonton banyak orang dan mendapat tepuk tangan yang meriah.

JALUR 1
RAN BER 07 00

PASAR SENI



Ngarepake bangun esuk Sepur Api Gaya Baru wus mlebu ing Stasiun Lempuyangan. Larasati kaget. Dheweke tangi saka anggone ngimpi amerga digugah dening ibune.

“Wis tekan Yogya, Ara,” ibune ngendika.

Larasati ngucek-
ucek mripate. Atine isih mongkog amarga dialem anggone nari ing sangarepe wong akeh. Isih karo ngrasakake impene, dheweke ngetutake bapak lan ibune mudhun saka sepur. Pakdhene wus methuk ing Stasiun Lempuyangan.

Menjelang dini hari Kereta Api Gaya Baru sampai di Stasiun Lempuyangan. Larasati terkejut. Ia terjaga dari mimpi karena dibangunkan oleh ibunya.

“Sudah sampai Yogya, Ara,” Ibunya berkata.

Larasati mengucek-
ucek mata. Hatinya masih tergetar karena mendapat pujian saat menari di hadapan banyak penonton. Dengan masih membawa mimpinya, ia mengikuti ayah dan ibunya turun dari kereta.

Pakde Raditya sudah menunggu mereka di Stasiun Lempuyangan.



Mobile Pakde Raditya metu saka parkiran Stasiun Lempuyangan. Mobil iku banjur bablas tumuju daleme ing Kadipaten.

“Mbak Wulan mboten ndherek, ta, Pakdhe?” Larasati nyuwun pirsaa ing njeron mobil.

“Mbakyumu kesel, Ra. Esuk awan bengi latihan.”

“Latihan nari, nggih, Pakdhe?”

Pakdhe Raditya mung manthuk.

Mobil Pakde Raditya keluar dari Stasiun Lempuyangan. Kemudian mobil itu meluncur menuju rumahnya di Kadipaten.

“Mbak Wulan tidak ikut, Pakde?” Larasati bertanya di dalam mobil.

“Kakakmu capai, Ra. Siang malam berlatih terus.”

“Berlatih menari, ya, Pakde?”

Pakde Raditya hanya menganggukkan kepala.

Pak Iskandar nyelani.
“Mengko takon karo
Mbak Wulan nek wis
tekan daleme Eyang,”
ngendikane.

Pakdhe Raditya ngguyu.
Pakdhene kuwi pirsane lan
apal padatanane Larasati
yèn wis ngrembug tari
mesthi mantep. Kakang
adhi nak-dulur kuwi cocok
banget yèn ketemu.

Sanadyan umure kacek
akeh, nanging bocah loro
iku bisa gathuk. Wulan
kelas telu SMKI jurusan
tari, dene Larasati
lagi kelas papat SD.
Apamanèh yèn wis crita
bab tari, bocah loro betah
banget.

“Pentas ing Kraton,
Ra,” Pakdhe Raditya
nerangake.

Pak Iskandar menyela,
“Nanti kalau sudah
sampai di rumah,
langsung saja bertanya
kepada Mbak Wulan.”

Pakde Raditya tertawa.
Pakde Raditya tahu,
Larasati sangat
bersemangat jika sudah
membicarakan tari.
Wulan dan Larasati
sebagai saudara sepupu
sangat akrab jika
bertemu.

Meski jarak umur mereka
terpaut banyak, keduanya
sangat kompak. Wulan
kelas tiga SMKI jurusan
seni tari, sedangkan
Larasati masih kelas
empat SD. Mereka sangat
bersemangat jika sudah
membicarakan seni tari.

“Pentas di keraton, Ra,”
Pakde Raditya memberi
keterangan.

Sinambi nyetir mobil,
Pakdhe Raditya
nyritakake babagan Mbak
Wulan kang arep pentas
ing Kraton.

“Mula, mbakyumu
mempeng latihan,”
Pakdhe Raditya bali
ngendika.

“Nari napa, Pakdhe?”
Larasati ngoyak
pitakonan, “Golek, srimpi,
napa bondhan, Pakdhe?”

“Hahahaha,” Pakdhe
Raditya gemujeng, “Nek
ora salah Tari Bedhaya
Ketawang.”

Sambil menyopir, Pakde
Raditya bercerita tentang
Mbak Wulan yang akan
pentas di Keraton.

“Oleh karena itu,
kakakmu rajin berlatih,”
ujar Pakde Raditya.

“Menari apa, Pakde?”
Larasati bertanya,
“Golek, srimpi, atau
bondhan, Pakde?”

“Hahahaha,” Pakde
Raditya tertawa, “Kalau
tidak salah, Tari Bedaya
Ketawang.”

Lagi sepisan iki Larasati krungu jeneng tari iku. “Bedhaya Ketawang?” Larasati gage nyuwun pirsane, “Tari napa niku, Pakdhe?”

“Naaah, nek kuwi mengko takona mbakyumu, ya, apa nyuwun pirsane Eyang,” ngendikane Pakdhe Raditya.

Larasati katon ora sabar. Rasane age-age pengen andang tekan dalem eyange. Dheweke kepengin ngerti kaya ngapa tari Bedhaya Ketawang iku.

Saka Stasiun Lempuyangan, mobil bablas ngulon banjur menggok ngiwa, nuli bablas mangidul. Dalan-dalan kutha Jogja durung pati rame. Ora let suwe mobil wus tekan Dalem Kadipaten.

Baru kali ini Larasati mendengar nama tari tersebut. “Bedaya Ketawang?” Ia bertanya penasaran, “Tari apa itu, Pakde?”

“Naaah, kalau itu nanti kamu bisa bertanya kepada kakakmu atau Eyang Ragil, Ra,” kata Pakde Raditya.

Larasati tidak sabar ingin segera sampai di rumah neneknya. Ia ingin segera mengetahui, apa itu Tari Bedaya Ketawang.

Dari Stasiun Lempuyangan mobil meluncur ke barat, kemudian belok ke kiri, selanjutnya ke arah selatan. Suasana kota Yogya belum begitu ramai. Tidak lama kemudian mobil sampai di Dalem Kadipaten.

Sawuse sarapan lan ngaso sedhela, Larasati gage anggone nggenahake marang mbakyune. Dheweke selak ora sranta kepingin mangerteni Tari Bedhaya Ketawang iku.

“Bedhaya Ketawang iku tarian sakral, Ra,” kandhane Mbak Wulan.

“Sakral ki apa, je, Mbak?” Larasati takon tenanan.


“Sakral iku suci, Ara. Ora saben wong dikeparengake maragakake. Tarian iku mung diadani kanggo mahargya jumenengan sultan ing Kraton,” Eyang Ragil paring wangsulan.

Setelah istirahat dan sarapan, Larasati segera bertanya kepada kakak sepupunya. Ia tidak sabar ingin mengetahui tentang Tari Bedaya Ketawang tersebut.

“Bedaya Ketawang itu tarian sakral, Ra,” kata Mbak Wulan.

“Sakral itu apa, Mbak?” Larasati bertanya dengan wajah serius.

“Sakral itu suci, Ara. Tidak setiap orang diperbolehkan menarikannya. Tarian itu hanya dipentaskan untuk perayaan kenaikan tahta sultan di Keraton,” Eyang Ragil menerangkan.



Larasati nggatekake ngendikane eyange kanthi permati.

“Sing maragani Tari Bedhaya Ketawang iku kudu isih kalebu kulawarga saka kraton. Gunggungne penari kudu ganjil. Biyasane ana sanga,” Eyang Ragil ngendika mantep.

Larasati manthuk-manthuk. Dheweke mbayangake para putri Kraton kang lagi padha njoget iku. Pendah senenge yen dheweke bisa melu dadi paraga Tari Bedhaya Ketawang iku.

Larasati menyimak keterangan neneknya dengan seksama.

“Semua penari Bedaya Ketawang merupakan para putri kerabat keraton. Penari Bedaya Ketawang berjumlah ganjil. Biasanya ada sembilan orang,” Eyang Ragil berkata mantap.

Larasati mengangguk-angguk. Ia membayangkan para putri Keraton yang sedang menari. Betapa bahagianya jika ia dapat turut serta memperagakan Tari Bedaya Ketawang itu.

Tuwuh pitakonan ing atine Larasati, sapa kang nyipta tarian kasebut. “Sinten sing damel tarian niku, Yang?” pitakone Larasati sabanjure.

“Ngene, Ra,” Eyang Ragil miwiti crita, “miturut sejaraha, kang yasa tari Bedhaya Ketawang iku Sultan Agung.”

“Sultan Agung pinter, nggih, Yang?” Larasati nyelani.

Eyang Ragil manthuk. “Ana ing buku *Babad Nitik* katulis dhek semana Kanjeng Sultan Agung lagi mertapa. Jroning tapane, Kanjeng Sultan kaya krungu swara gamelan kang endah, “Eyang Ragil nerusake critane.

Timbul pertanyaan di hati Larasati, siapakah pencipta tarian tersebut. “Siapa yang membuat tarian itu, Yang?” tanya Larasati kemudian.

“Begini, Ra,” Eyang Ragil mulai bercerita, “sesuai sejarahnya, yang menciptakan Tari Bedaya Ketawang adalah Sultan Agung.”

“Sultan Agung pintar, ya, Yang?” Larasati menyela.

Eyang Ragil mengangguk. “Di dalam buku *Babad Nitik* diceritakan dahulu kala Sultan Agung sedang bertapa. Saat bertapa, Sultan seperti mendengar suara gamelan yang sangat indah,” Eyang Ragil melanjutkan ceritanya.



Larasati saya seneng ngrungokake critane eyange.

“Gamelan iku nengsemake. Sultan Agung seneng banget anggone mirengake swara gamelan iku. Kaya-kaya asale saka swarga. Mula banjur kacipta Tari Bedhaya Ketawang iku.”

Larasati merem, kaya katut melu krungu swara gamelan iku.

“Inggang yasa Sultan Agung, tegeseipun sampun kina sanget, inggih, Yang?” pitakone Larasati kang sangsaya ketarik marang critane eyange.

Larasati semakin senang mendengarkan cerita neneknya.

“Gamelan itu indah sekali. Sultan Agung sangat suka mendengarkan suara gamelan itu. Suara gamelan itu seolah-olah berasal dari surga. Kemudian terciptalah Tari Bedaya Ketawang itu.”

Mata Larasati terpejam. Suara gamelan itu seolah turut serta didengarnya.

“Yang menciptakan Sultan Agung, artinya itu sudah lama sekali, ya, Yang?” tanya Larasati yang semakin tertarik dengan cerita eyangnya.

Eyang Ragil mbenerake kandhane Larasati, “Iya, Ra. Kuna banget. Nganti tekan jaman Kanjeng Sunan Pakubuwana ing Surakarta.”

“Lo, sanes Jogja, ta, Yang?”

Eyang Ragil mesem. “Ana sejaraha kuwi. Jaman Kanjeng Sinuwun Hamengku Buwana kaping siji, nalika dumadi Perjanjian Giyanti.”

“Sinau, sik, Ra,” Mbak Wulan nrambul, “sekolah sing pinter, ya. Sinau sejarah mesthi bakal ngerti.”

Eyang Ragil mengiyakan ucapan Larasati, “Iya, Ra. Sudah lama sekali. Sampai kemudian pada Zaman Kanjeng Sunan Pakubuwana di Surakarta.”

“Lo, bukan Yogya, ta, Yang?”

Eyang Ragil tersenyum. “Itu ada sejarahnya, Ra. Zaman Kanjeng Sinuwun Hamengku Buwana pertama, pada waktu Perjanjian Giyanti.”

“Belajar dulu, Ra,” Mbak Wulan menyela, “sekolah yang rajin biar pintar. Belajar sejarah, pasti akan tahu!”

“Iya, Mbak. Aku lagi sinau sejarah saka Eyang ki, lo,” kandhane Larasati. “Teruse priapun, Yang?”

“Nah, ing prajanjen mau Tari Bedhaya Ketawang dadi kagungane Kraton Surakarta. Dene Kraton Ngayogyakarta tetep ngleluri kanthi nggelarake Tari Bedhaya Semang.”

“Bedhaya Semang? Benten mboten, Yang?”

“Ya... ana bedane sithik,” wangsulane Eyang Ragil alon.

“Delengen nggon foto kuwi!” ngendikane Eyang Ragil karo nudingi foto kang dipigura gedhe ing tembok.

“Iyalah, Mbak! Aku baru belajar sejarah dari Eyang, nih,” jawab Larasati. “Lanjutannya gimana, Yang?”

“Nah, dalam perjanjian itu disebutkan bahwa Tari Bedaya Ketawang menjadi milik Keraton Surakarta. Sementara itu, Keraton Ngayogyakarta melestarikan Tari Bedaya Semang.”

“Bedaya Semang? Ada bedanya nggak, ya, Yang?”

“Ya, ada perbedaan sedikit,” jawab Eyang Ragil pelan.

“Coba perhatikan foto itu!” kata Eyang Ragil sambil menunjuk foto pada pigura besar yang tertempel di dinding.

Larasati gage nyawang foto sing dituding eyange. Foto kuwi kerep disawang Larasati. Dheweke ora ngira yen kuwi Tari Bedhaya Ketawang. Para penarine putri kabeh, akeh cacache. Kabeh ngagem busana werna ijo, sampur abang, lan sanggulan dhuwur. Kabeh ayu lan luwes.

Larasati ora kedhep anggone ngematake. Dheweke ngetung putri-putri sing lagi pacak gulu iku. Siji, loro, telu, papat, lima, enem, pitu, wolu, sanga. Ana sanga kaya ngendikane eyange. Dadakan Larasati kaget meruhi para putri ing foto iku.

Larasati segera memandang foto yang ditunjukkan oleh eyangnya. Foto itu sering dilihatnya. Ia tidak menyangka kalau foto itu adalah Tari Bedaya Ketawang. Para penari perempuan semua, jumlahnya banyak. Mereka mengenakan pakaian berwarna hijau, sampur merah, dan rambut disanggul tinggi. Semua penari tampak cantik dan luwes.

Larasati tak berkedip menatap foto itu. Ia menghitung para putri yang sedang menari dengan pose *pacak gulu*. Satu, dua, tiga, empat, lima, enam, tujuh, delapan, sembilan. Ada sembilan seperti cerita neneknya. Tiba-tiba Larasati terkejut menatap para penari pada foto itu.

Larasati weruh para putri iku obah. Driji tangane nyeblokake sampur. Kabeh diobahake kanthi alon manut gendhing kang keprungu alus. Larasati ngrungokake gendhing kang resep. Ora krasa tangane melu obah. Sikile melu gedrug alon, melu pacak gulu lan nyeblokake sampure.

Larasati merem katut obahing awak. Kaya ana sing nggeret ngajak nari bareng para penari putri iku.

Larasati melihat tubuh para putri itu tampak bergerak. Jari-jari tangan mereka mengibaskan sampur. Semua digerakkan dengan lemah gemulai selaras dengan irama gending. Gending yang syahdu dan lembut itu terasa meresap di hati Larasati. Tidak terasa tangan, kaki, dan lehernya turut bergerak, serta menyibakkan sampur.

Mata Larasati terpejam, larut dalam gerak tubuhnya. Ia merasa seperti ada yang menyeret dan mengajaknya menari bersama para putri itu.



Ya, iki sing diimpekake Larasati, bisa dadi penari kaya Mbak Wulan. Iba bungahé yen bisa melu dadi penari Bedhaya Ketawang.

“Ara! Tangi!”

Larasati kaget. Mbak Wulan nyeblek pundhake. “Nek turu ning kamar, ora neng sofa ngene!”

Larasati njenggelek, noleh ngiwa-nengen. Dheweke rumangsa lagi nari karo para putri. “Mbak Wulan,” kandhane karo ucek-ucek mripate. “Aku, ki, mau lagi njoged, Mbak.”

“Kowe keturon neng sofa, Ara. Kowe ngimpi!”

Larasati mung kami-tenggengen, mripate bali nyawang foto para penari Bedhaya Ketawang ing tembok.

Inilah impian Larasati, menjadi penari seperti Mbak Wulan. Betapa gembira hatinya turut serta menjadi penari Bedaya Ketawang.

“Ara! Bangun!”

Larasati terkejut. Bahunya ditepuk oleh Mbak Wulan. “Kalau tidur di kamar, jangan di sofa!”

Larasati terbangun, menoleh ke kiri dan ke kanan. Ia merasakan betul kalau sedang menari bersama para putri. “Mbak Wulan,” katanya sambil mengucek-ucek matanya. “Aku sedang menari bersama mereka, Mbak.”

“Kamu tertidur di sofa, Ara. Kamu bermimpi!”

Larasati hanya tertegun, matanya kembali menatap foto para penari Bedaya Ketawang di dinding.



Larasati ngobahake awake. Drijine nyempurit, banjur nyebalakake tangane. “Aku lagi njoget Bedhaya Ketawang, Mbak,” kandhane.

Mbak Wulan ngguyu. “Genah Eyang Ragil crita mbok tinggal merem, njur ngglethak neng sofa, kok.”

“Tenan, Mbak. *Suer*, aku ora ngapusi. Mau ki ana sing nggeret aku ngajak njoged.”

“Kowe kekeselen, Ra. Wiwit teka saka Jakarta rak durung leren, ta?” ibune ngendika.

Larasati menggerakkan tubuhnya. Jarinya membuat gerakan lentik, kemudian menyapukan tangannya seperti sedang memegang sampur. “Aku sedang menari Bedaya Ketawang, Mbak,” kata Larasati.

Mbak Wulan tertawa. “Saat Eyang bercerita kamu tinggal tidur, kok, terus berbaring di sofa.”

“Bener, Mbak. *Suer*, aku tidak berbohong. Tadi ada yang menyeret dan mengajakku menari.”

“Kamu terlalu capai, Ra. Sejak datang dari Jakarta kamu belum istirahat, kan?” kata ibunya.

Pakdhe lan Budhe Raditya uga banjur nimbrung. Eyang Ragil mirsani wayahe iku kanthi pasuryan tajem. Larasati nyawang eyange lan kepengin wadul menawa dheweke ora lagi mimpi.

Eyang Ragil manthuk-manthuk. “Kowe mau weruh ana putri pira sing lagi njoged?” pandangune.

“Wonten sanga, Yang,” kandhane Larasati mantep. “Nanging lajeng wonten setunggal malih dhateng marani kula ngajak njoged,” bacute.

Eyang Ragil kaget. Semono uga bapak-ibune Larasati, Mbak Wulan, lan pakdhe apadene budhene. Kabeh padha pandeng-pandangan krungu kandhane Larasati.

Pakde dan Budhe Raditya kemudian ikut bergabung. Eyang Ragil menatap tajam cucunya. Larasati memandang eyangnya dan ingin mengadu bahwa ia tidak sedang bermimpi.

Eyang Ragil mengangguk-angguk. “Ada berapa putri waktu kamu tadi ikut menari?” tanya Eyang Ragil.

“Ada sembilan, Yang,” jawab Larasati mantap. “Tapi kemudian ada satu lagi yang datang lalu mengajakku menari,” lanjutnya.

Eyang Ragil terkejut. Begitu juga dengan bapak dan ibu Larasati, Mbak Wulan, serta pakde dan budenya. Semua saling berpandangan mendengar keterangan Larasati.

“Bisa uga kowe mung ngimpi, Ara,” wusana Eyang Ragil ngendika, “nanging mula bener yen penari Bedhaya Ketawang iku cacache sanga. Miturut crita, ana sing bisa pirsaya yen Kanjeng Ratu Kidul bakal rawuh.”

“Wis, saiki kana siap-siap, sida melu Mbak Wulan, ora?” pitakone Mbak Wulan.

“Benjang crita malih, nggih, Yang!” Larasati nyawang eyange, banjur nyawang para penari ing pigura foto.

Eyang Ragil mesem, banjur ngekep wayahe iku kebak tresna.

“Impenmu mesthi bakal klakon, Ara. Kowe bakale dadi penari kang ampuh. Mempengna anggonmu gladhen, supaya klakon impenmu!” ngendikane eyange Larasati.

“Mungkin kamu memang hanya bermimpi, Ara,” Akhirnya Eyang Ragil berkata, “tapi, memang benar bahwa penari Bedaya Ketawang itu berjumlah sembilan orang. Menurut cerita, ada yang bisa melihat bahwa Kanjeng Ratu Kidul ikut hadir.”

“Sudahlah, sekarang bersiaplah, jadi ikut Mbak Wulan, tidak?” tanya Mbak Wulan.

“Besok cerita lagi, ya, Yang!” kata Larasati kepada eyangnya, lalu melihat foto para penari di dinding.

Eyang Ragil tersenyum dan memeluk cucunya dengan penuh kasih sayang.

“Impianmu pasti akan terlaksana, Ara. Kelak kau akan menjadi penari hebat. Teruslah berlatih, agar tercapai impianmu!” kata eyang Larasati.

Biodata

Penulis dan Penerjemah

Margareth Widhy Pratiwi, kelahiran 1961 tinggal di Yogyakarta. Aktif di komunitas Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta, PSJB Paramarta Bantul. Penulis bahasa Jawa dan Indonesia. Beberapa karyanya memenangkan berbagai lomba penulisan novel dan telah diterbitkan. Antara lain: Kinanti, Tabon, Ngoyak Ombak Segara Kidul. Selain menulis juga menjadi fasilitator pada Sekolah Sanggar Anak Alam, Nitiprayan.

Illustrator

Septama, ilustrator kelahiran Yogyakarta ini suka menggambar sejak SD, lalu belajar menggambar dan desain di jenjang D2 Desain Komunikasi Visual di PPKP UNY. Pernah bekerja di penerbit buku PT. Intan Pariwara dan PT CAP. Ilustrator yang memiliki nama alias Sibhe ini, sekarang bekerja di Penerbit Buku Forum Edukasi. Ilustrator juga aktif di media sosial Instagram @bherocknrollan dan Tik-tok @kakcoratcoret.

Penyunting

Tarti Khusnul Khotimah, lahir dan tinggal di Sleman, DIY. Sejak tahun 2005 hingga sekarang bekerja di Balai Bahasa Provinsi DIY. Kompetensi dasar bidang kebahasaan dan kesastraan ditempa di Fakultas Ilmu Budaya, UGM (S-1) dan Fakultas Bahasa, Seni, dan Budaya, UNY (S-2). Aktivitas yang dikerjakannya, antara lain, menyuluh dan menyunting esai, artikel, dan cerpen. Beberapa karya cerita anak terpublikasi di media massa. Korespondensi dapat dilakukan melalui posel tarti.khusnul.k@gmail.com.



(ERDAS) BERLITERASI



MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Libur semester telah tiba. Larasati berlibur ke rumah Eyang di Yogyakarta. Eyang adalah orang yang bergelut dalam bidang tari. Larasati yang gemar menari mengobrol banyak dengan Eyang dan Mbak Wulan tentang tari bedhaya. Sampai-sampai Larasati tertidur dan bermimpi dirinya ditarik oleh salah satu penari bedhaya untuk ikut menari. Simak kelanjutan cerita tentang mimpi Larasati dan tari bedhaya dalam cerita “Impine Larasati”



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023

ISBN 978-623-112-474-6 (PDF)

